



Pou Piblikasyon Imedya: 31/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE DEKLARASYON DEZAS MAJÈ POU DEBLOKE
ASISTANS FEDERAL YO POU 15 KONTE KI TE AFEKTE PA
INONDASYON AK TANPÈT GRAV YO**

***Aksyon sa Pral Bay Soulajman Finansye pou Alafwa Mounyo ak Gouvènman
Lokal yo Ki Te Afekte Pa Tanpèt Estival Grav yo***

Gade Lèt Gouvènè a [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande jodi a pou gouvènman federal la akòde yon Deklarasyon Dezas Majè (Major Disaster Declaration) pou 15 konte ki te afekte pa inondasyon rapid yo, tònad ak nivo presipitasyon san presedan yo pandan tanpèt grav yo nan fen mwa Jen ak Jiyè an. Demann Gouvènè a gen ladan apèl pou alafwa asistans piblik ak endividyèl pou tout 15 konte ki te afekte yo. Yon fwa ke yo akòde deklarasyon an, finansman FEMA yo pral disponib pou eta a ak gouvènman lokal ki kalifye yo ak òganizasyon san bi likratif yo sou yon baz pataj depans pou kapab sipòte depasman debri yo, reparasyon estrikti yo ak mezi pwotektris ijans yo.

15 konte ki enkli nan demann lan se: Broome, Cayuga, Cortland, Essex, Franklin, Herkimer, Madison, Oneida, Onondaga, Rensselaer, St. Lawrence, Tioga, Warren, Washington, ak Wyoming.

“Kit se inondasyon grav, tanpèt ak van ki devastatè, oswa tanpèt nèj entans, kondisyon metewo ekstrèm yo ap vin tounen nòmalite nan New York epi -- jan nou te wè sa -- atravè nasyon an”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen egzòte gouvènman federal la rekonèt gravite domaj yo epi pran mezi pou bay moun New York yo finansman ak asistans ke yo bezwen kounye a.”

Nan dat 3 Dawout la, Gouvènè Cuomo te mande yon Evalyasyon Domaj Preliminè Konjwen kote ekip ekspè federal ak leta yo te fè estimasyon plis pase 30 milyon dola nan depans pou reparasyon enfrastrikti, depasman debri, ak domaj estrikti yo kòm yon rezilta tanpèt sa yo. Omwen 115 kay te andomaje gravman epi yo te idantifye anviwon 230 kay ak biznis ki t’ap kenbe anba domaj ki an rapò ak tanpèt yo. Kondisyon metewo grav la te abouti a entèripsyon kouran konsiderab nan divès lokalite.

Pòsyon asistans piblik nan demann lan pral bay finansman pou sipòte reparasyon nan enfrastrikti piblik yo, batiman, divès lòt mezi pou kapab pwoteje pi byen atou sa yo

pandan ijans yo ak depasman debri yo. Konpozan asistans endividyèl lan pral bay sipò finansye oswa sèvis dirèk pou moun New York yo ki gen nesosite grav yo epi ki pa kapab reponn a nesosite sa yo poukont yo. Sa gen ladan tout bagay soti depi nan asistans lokatif (ki enkli lojman tanporè, reparasyon, ranplasman, ak konstwiksyon lojman pèmanan oswa pèmanan a mwaye) pou rive nan asistans pou pwopriyete pèsònèl yo oswa lòt atik yo.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Dijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Roger L. Parrino, Sr., te di, “Demann Gouvènè Cuomo pou asistans federal la li esansyèl pou pwosesis rekiperasyon yo, epi li pral yon etap krisyal nan ede abitan sa yo rekonstwi lavi yo apre tanpèt tèrib sa yo. Mwen rekonesan pou patenarya ak FEMA a epi mwen enpasyan travay ansanm ak patnè lokal ak federal nou yo pou fè rekiperasyon kominote sa yo”.

Kominote ki nan konte sa yo te resevwa plis pase yon pye an plis nivo tonbe lapli yo nan peryòd sa, epi Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service) te resevwa omwen 60 rapò sou inondasyon rapid yo. An plis de inondasyon an, ajans lan te konfime ke sèt tònad te frape zòn nan. Tònad ki te pi fò a te nan Konte Erie, li te klase kòm yon tanpèt entansite EF-2 ak vitès van 145-153 kilomèt pa èdtan, epi li te lakòz plis pase 3 milyon dola domaj nan pwopriyete yo nan zòn Hamburg lan.

Te genyen omwen 116 rapò sou tanpèt loraj grav yo, anpil ladan yo te genyen grèl ki mezire jiska yon pous de dyamèt nan Konte Erie ak Allegany ak rafal van liy dwat yo ke yo te estime te gen vitès 153 kilomèt pa èdtan nan Konte Erie. Ekip reskous ijans yo te fè sovtaj rapid nan dlo yo pou ede otomobilis ki te anglouti nan inondasyon rapid yo nan Pittstown, (Konte Rensselaer), nan Throop, (Konte Cayuga) akoz yon kannòt ki te chavire, epi yo te fè evakyasyon ijans nan Vestal, (Konte Broome). Direktè Sitiyasyon Ijans Konte Broome lan te rapòte yon total 75 abitan ki te evakye lakay yo nan Vestal, Kirkwood, ak Binghamton.

Nou ankouraje tout Nouyokè yo enskri pou NY-Alert, sistèm alèt gratis eta a, sou tout risk, ki baze sou enskripsyon. Pou plis enfòmasyon ak pou enskri, tanpri ale sou www.nyalert.gov. Pou plis enfòmasyon sou sekirite inondasyon, ale sou sit entènèt DHSES la nan www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/flood.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418